

Gid pou Elektè nan Eleksyon Minisipal

Jou Eleksyon an se 4 novanm 2025

2025

Enskripsyon Elektè:

Tcheke Eitati Enskripsyon Elektè w la nan www.RegisterToVoteMA.com oswa rele **617-349-4361**.

Dat limit pou enskri pou vote a se **Samdi 25 Oktòb 2025!**
Election Commission Office la, ki demenaje ale nan 689 Massachusetts Avenue, pral ouvè soti 9è maten pou rive 5è aprèmidi.

Sou Entènèt

Enskri sou www.registertovotema.com si ou gen yon lisans chofè oswa yon kat idantite eta Massachusetts. Si ou pa fè sa, ou ka toujou itilize sit entènèt la men ou dwe enprime fòmilè ou a, siyen li, epi voye li nan lapòs bay Election Commission office (Biwo Komisyon Elektoral la).


Pa Lapòs

Ou ka jwenn yon fòm enskripsyon pou voye pa lapòs nan City Clerk's Office (Biwo Sekretè Minisipal) la, nan nenpòt Biwo Lapòs Cambridge oswa nan nenpòt branch Cambridge Public Library (Bibliyotèk Piblik Cambridge). Voye fòmilè enskripsyon ki ranpli yo pa lapòs nan adrès sa a: **Cambridge Election Commission, 689 Massachusetts Ave, STE 1 Cambridge, MA 02139-3302.**

An Pèsòn

Si ou ta renmen enskri an pèsòn, ou ka fè sa nan Election Commission office la nan **689 Massachusetts Ave**. Enskripsyon Elektè disponib tou kòm yon pati nan chak tranzaksyon nan Registry of Motor Vehicles (Depatman Veyikil Motè) a ak nan sèten ajans asistans piblik.

Fason pou Vote!



Vòt Pa Lapòs

Tout elektè Cambridge yo ka vote pa lapòs pou eleksyon sa a. Gade paj 3 pou plis detay.

Vote Alavans An Pèsòn

Ou ap ka vote alavans nan twa lokal apati **25 oktòb** pou rive **31 oktòb** nan nenpòt nan twa lokal sa yo pandan lè ki deziyen yo (gade paj 2).

Vote Jou Eleksyon an

Biwo vòt yo ap ouvri depi **7 a.m. jiska 8 p.m. nan Madi 4 novanm**. Elektè yo dwe vote nan biwo vòt yo te deziyen pou yo a (gade paj 4).



Elijibilite: Pou enskri pou vote nan VilCambridge, ou dwe:

- Yon sitwayen Ameriken
- Yon rezidan Cambridge
- Ou dwe gen 18 an oswa plis (sitwayen Cambridge ki gen 16 oswa 17 an ka enskri alavans.)

Ou deja enskri pou vote?

Ou **sèlman** bezwen enskri ankò lè ou te chanje non ou, adrès rezidansyèl ou, adrès postal ou, oswa pati politik ou.

Vòt Alavans An Pèsòn

Lè ak Lokal pou Vòt Alavans An Pèsòn

Samdi 25 Oktòb	9 a.m. - 3 p.m.
Dimanch 26 Oktòb	9 a.m. - 3 p.m.
Lendi 27 Oktòb	8:30 a.m. - 8 p.m.
Madi 28 Oktòb	8:30 a.m. - 5 p.m.
Mèkredi 29 Oktòb	8:30 a.m. - 5 p.m.
Jedi 30 Oktòb	8:30 a.m. - 5 p.m.
Vandredi 31 Oktòb	8:30 a.m. - 12 p.m.

Nenpòt elektè ki enskri ka vote alavans. Kontrèman ak Jou Eleksyon an, yo pa asiyen w nan yon biwo vòt pandan peryòd vòt alavans lan.

Ou ka ale nan nenpòt nan twa sant vòt alavans nan Cambridge yo pandan lè ki endike pi ba a.

Bibliyotèk Valente

826 Cambridge Street, Antre Bò kote sou Berkshire Street la

Cambridge Water Department (Depatman Dlo Cambridge)

250 Fresh Pond Parkway

Main Library (Bibliyotèk Main)

449 Broadway

Election Commission Office la ki nan 689 Massachusetts Avenue PA pral yon sant vòt alavans pou Eleksyon Minisipal la.

Jou Eleksyon an

E si mwen vle vote jou eleksyon an pito?


Ou ka vote yon sèl fwa—si ou te vote alavans, swa pa lapòs oswa an pèsòn, ou pa ka vote jou eleksyon an.

Si ou pa vote alavans, ou ka toujou vote nan biwo vòt ki te asiyen pou ou a jou eleksyon an. Biwo vòt yo ap louvri depi **7 a.m. rive 8 è p.m. nan madi 4 novanm** nan.


W ap resevwa yon kat notifikasyon elektè ak biwo vòt ki te asiyen pou ou a anvan Jou Eleksyon an. Ou dwe vote nan sikonskripsyon kote ou enskri pou vote a. Gade biwo vòt ou a nan:

www.sec.state.ma.us/VoterRegistrationSearch, oswa rele Election Commission office la nan **617-349-4361**.

Ou ka jwenn yon lis biwo vòt yo nan paj 4 la.



Vòt Alavans Nan Lapòs



01 Kijan pou Jwenn yon Aplikasyon:

Telechaje yon aplikasyon nan www.cambridgema.gov/earlyvoting oubyen voye yon demann alekri pou yon bilten vòt ak non w, adrès ou nan Cambridge, kote ou vle yo voye bilten vòt la, epi siyati w.

02 Opsyon pou Voye Aplikasyon Ou an:

Voye aplikasyon ou siyen an pa imel, faks, oswa lapòs.

🌐 elections@cambridgema.gov

✉ Cambridge Election Commission, 689 Massachusetts Ave STE 1, Cambridge, MA 02139-3302

☎ Faks 617-349-4366

03 Opsyon pou Retounen Bilten Vòt Ou a:

1. Retounen bilten vòt la pa lapòs lè w sèvi avèk anvlòp lapòs ki te bay avèk bilten vòt la.
2. Retounen bilten vòt yo pèsònèlman nan Election Commission Office la nan **689 Massachusetts Ave.**
3. Retounen bilten vòt yo nan anvlòp kachte a bay yon ofisyèl elektoral nan yon lokal yo deziyen pou Vòt Alavans nan lè ki preskri yo.
4. Depoze bilten vòt ou yo nan nenpòt nan sis (6) bwat pou depoze bilten vòt ki sitye nan Cambridge yo. Lokal bwat pou depoze bliten yo endike nan dènye paj gid sa a.

Dat Limit Ki Enpòtan yo

Yo pral voye bilten vòt yo pa lapòs apati **dezyèm semèn Oktòb** la.

Election Commission an rekòmande pou ou soumèt aplikasyon w lan pa pita pase **Madi 14 Oktòb** pou asire bilten vòt ou yo rive alè. Yo p ap ka voye bilten vòt ba ou pa lapòs si aplikasyon w lan rive nan Election Commission an apre **5 p.m. nan madi 28 oktòb** la.

Election Commission Office la dwe resevwa bilten vòt yo anvan **8è p.m. nan dat madi 4 novanm** pou yo ka konte yo.

Yo ap voye aplikasyon pou kat postal yo nan lapòs bay Elektè Cambridge ki te enskri anvan **12 out**. Si ou pa t resevwa yon kat postal, ou ka toujou aplike pou vote pa lapòs. Y ap voye bilten vòt sèlman pou elektè ki fè aplikasyon alekri yo.

Biwo Vòt pou Jou Eleksyon an

222 Jacobs Street, Sant Konferans 1-1	Lekòl Cambridge Rindge ak Latin , 3459 Broadway, 6-2 Kafeterya Media, Antre Cambridge Street
Oditoryòm M.I.T. Kresge , 70 Massachusetts Avenue, Dèyè Sant Stratton 1-2	Lekòl Cambridge Rindge ak Latin , 459 Broadway, 6-3 Kafeterya Media, Antre Cambridge Street
Oditoryòm M.I.T. Kresge , 70 Massachusetts Avenue, Dèyè Sant Stratton 1-2	Lekòl Baldwin , Community Floor, 85 Oxford Street, Antre Sacramento Street 7-1
Apatman Millers River , 15 Lambert Street, Cambridge Antre Street 1-3	Lekòl Baldwin , Community Floor, 85 Oxford Street, Antre Sacramento Street 7-2
Branch Bibliyotèk Valente , 826 Cambridge Street, Antre Bò sou Berkshire Street 2-1	Lekòl Baldwin , Community Floor, 85 Oxford Street, Antre Sacramento Street 7-2A
Apatman Truman , 25 Eighth Street, Community Room, Antre Thorndike Street 2-2	Gund Hall , 48 Quincy Street, Antre Cambridge Street 7-3
Branch Bibliyotèk O'Connell , 48 Sixth Street, Kwen Thorndike Street, Antre Dèyè a 2-3	Lekòl Graham ak Parks , 44 Linnaean Street, Antre Lakou Rekreyasyon 8-1
Branch Bibliyotèk O'Connell , 48 Sixth Street, Kwen Thorndike Street, Antre Dèyè a 2-3A	Friends Center , 5 Longfellow Park, Community Room 8-2
Sant Pisani , 131 Washington Street, 3-1	Martin Luther King, Jr. Lekòl , 102 Putnam Avenue, Antre Sal Espò Lakou Rekreyasyon an 8-3
Sant Jèn Moses , 243 Harvard Street, Nivo Anba, Antre Dèyè a 3-2	Legliz Ameyen Holy Trinity , 145 Brattle Street, Antre Pakin sou Sparks Street 9-1
City Hall , 795 Massachusetts Avenue, Antre Pakin nan 3-3	Cambridge Water Department , 250 Fresh Pond Parkway 9-2
City Hall , 795 Massachusetts Avenue, Antre Pakin nan 3-3A	Sant Jèn Russel , 680 Huron Avenue, Dezyèm Etaj 9-3
Lekòl Morse , 40 Granite Street, Antre Prensipal la 4-1	Sal Espò Lekòl Peabody , 70 Rindge Avenue, Antre Dèyè a 10-1
Legliz Episkopal Saint Peter , 838 Massachusetts Ave, Antre nan Sellers Street 4-2	Sal Espò Lekòl Peabody , 70 Rindge Avenue, Antre Dèyè a 10-1A
Legliz Episkopal Saint Peter , 838 Massachusetts Ave, Antre nan Sellers Street 4-2A	Lekòl Graham ak Parks , 44 Linnaean Street, Antre Lakou Rekreyasyon 10-2
Martin Luther King, Jr. Lekòl , 102 Putnam Avenue, Antre Sal Espò Lakou Rekreyasyon an 4-3	Cadbury Commons , 66 Sherman Street, Antre Lakou sou Cadbury Rd 10-3
Katye Jeneral Salvation Army an , 402 Massachusetts Avenue 5-1	Legliz Reservoir , 170 Rindge Avenue, Antre Dèyè 11-1
Oditoryòm M.I.T. Kresge , 70 Massachusetts Avenue, Dèyè Sant Stratton 5-2	Legliz Reservoir , 170 Rindge Avenue, Antre Dèyè 11-1A
Lekòl Morse , 40 Granite Street, Antre Prensipal la 5-3	Legliz Reservoir , 170 Rindge Avenue, Antre Dèyè 11-2
Anèks City Hall , 344 Broadway, Dezyèm Etaj, Sal Konferans 6-1	Apatman Burns , 50 Churchill Avenue, Community Room 11-3
Anèks City Hall , 344 Broadway, Dezyèm Etaj, Sal Konferans 6-1A	Apatman Burns , 50 Churchill Avenue, Community Room 11-3A

Kandida 2025 yo

City Council (Konsèy Minisipal):

Ayah A. Al-Zubi , 156 Magazine Street *
Burhan Azeem , 96 Berkshire Street *
LaQueen Arleen Battle , 86 Otis Street *
Elizabeth Bisio , 22 Water Street *
Dana Ray Bullister , 21 Brookline Street *
Timothy R. Flaherty , 103 Fresh Pond Parkway *
John Hanratty , 15 Mount Vernon Street *
Peter Hsu , 70 Gore Street *
Marc C. McGovern , 17 Pleasant Street *
Ned S. Melanson , 163 Allston Street *
Patricia M. Nolan , 184 Huron Avenue *
Stanislav A. Rivkin , 17 Channing Street *
Zion Nathaniel Sherin , 401 Washington Street *
Sumbul Siddiqui , 283 Sidney Street *
E. Denise Simmons , 188 Harvard Street *
Jivan G. Sobrinho-Wheeler , 187 Brookline Street *
Ayesha M. Wilson , 305 Elm Street *
Robert Winters , 366 Broadway *
Catherine Zusy , 202 Hamilton Street *

School Committee (Komite Lekòl):

LaQueen Arleen Battle , 86 Otis Street *
Alborz Bejnood , 166 Auburn Street *
Alex Bowers , 44 Pemberton Street *
Anne Mathilde Coburn , 117 A Otis St *
Luisa de Paula Santos , 51 Walker St *
Caitlin E. Dube , 395 Huron Avenue *
Melanie Gause , 269 Broadway *
Jessica Diaz Goetz , 97 Pemberton St *
Richard N. Harding, Jr. , 189 Windsor Street *
Lilly Havstad , 32 Granville Road *
Jane Hirschi , 39 Rindge Avenue *
Elizabeth Hudson , 325 Harvard Street *
Caroline Mary Lisette Hunter , 23 Rockwell Street *
Arjun Kent Jaikumar , 175 Richdale Avenue *
Jia-Jing Lee , 20 2nd Street *
José Luis Rojas Villarreal , 19 Cornelius Way *
Eugenia Schraa Huh , 259 Washington Street *
David J. Weinstein , 45 S. Normandy Avenue *

* Kandida pou Re-eleksyon

Plis Enfòmasyon Sou Kandida yo

Jounal yo, sit entènèt, ak òganizasyon lokal yo se bon sous enfòmasyon sou kandida yo. Anpil kandida gen sit entènèt kanpay ke ou ka jwenn lè w fè rechèch sou entènèt.

Eksepte si lalwa egzije sa, Election Commission Vil Cambridge la pa patisipe nan okenn aktivite kanpay, tankou:

- Bay enfòmasyon sou kwayans oswa pozisyon kandida yo
- Regleman oswa verifikasyon enfòmasyon sou materyèl kanpay yo
- Òganize oswa fè piblisite pou deba kandida yo

Finansman Kanpay:

Kandida pou City Council depoze rapò finansman kanpay yo bay Office of Campaign and Political Finance (Biwo Finansman Kanpay ak Politik, OCPF), yon biwo eta a.

Kandida School Committee yo depoze rapò finansman kanpay nan Election Commission an.

Pou wè Rapò Finansman Kanpay yo, vizite:

🌐 www.cambridgema.gov/cfr

Ak kisa bilten vòt yo ap sanble?

Pral gen **trwa** bilten vòt: youn pou City Council la, youn pou School Committee a, epi youn pou kesyon ki sou bilten vòt la.

Yo afiche bilten vòt echantiyon yo sou entènèt nan adrès sa a:

🌐 www.cambridgema.gov/elections

Yo voye enfòmasyon sou kesyon bilten vòt yo nan lapòs nan chak kay ki gen yon elektè.

Make Bilten Vòt PR ou a

Li fasil pou vote! Bilten vòt City Council ak School Committee a make lis kandida yo avèk oval ki nimewote akote non yo. Jis klase kandida yo nan òd preferans lè w ranpli oval ki nimewote yo.

Mak Valid yo

Make chwa w yo lè w ranpli andedan oval ki nimewote yo nèt.

Ranpli oval nimewo en (1) ki akote premye chwa w la. Ranpli oval nimewo de (2) ki akote dezyèm chwa w la.


Ou pa oblije klase tout kandida yo: ou ka ranpli otan chwa ou vle.

Yon sèl vòt pou chak kandida. Yon sèl vòt pou chak kolòn.


Junior Mints, 95 Movie Road	① ② ③ ● ⑤ ⑥
Three Musketeers, 333 Nougat Street	① ● ③ ④ ⑤ ⑥
Werther Original, 753 Caramel Avenue	① ② ③ ④ ⑤ ⑥
York Peppermint Pattie, 1940 Sensation Street	● ② ③ ④ ⑤ ⑥
Marshmallow Peep, 432 Seasonal Lane	① ② ③ ④ ⑤ ⑥
Good A. Plenty, 35 Licorice Street	① ② ● ④ ⑤ ⑥

KANDIDA POU RE-ELEKSYON

Mak Envalid yo



Ranpli plis pase yon chwa pou yon kandida



Bay plis pase yon kandida menm klasman an



Oval ki pa ranpli konplètman yo epi machin nan pa ka li yo

Ou dwe konnen chak bilten vòt ka gen kandida yo nan yon òd diferan! Yo vire non kandida yo nan òd alfabetik sou bilten vòt la pou chak kandida parèt nan pozisyon ki anlè nan bilten vòt la sou yon kantite bilten egal.

Si ou fè yon erè, ou ka retounen bilten vòt ou an bay travayè eleksyon an epi resevwa yon lòt. Ou limite a twa tantativ pou w konplete bilten vòt ou an.

Reprezantasyon Pwopòsyonèl

Depi 1941, Vil Cambridge te eli City Council ak School Committee li a atravè Reprezantasyon Pwopòsyonèl (PR).

Eleksyon pou nèf manm City Council la ak sis manm Komite Lekòl la fèt an Novanm nan ane enpè.

Eleksyon PR yo asire reprezantasyon jis tout elektè yo. Nenpòt gwoup elektè ki reprezante plis pase yon dezyèm nan vòt yo kapab sèten pou li eli omwen yon manm nan yon Konsèy nèf manm, men yon gwoup majorite elektè kapab sèten pou li eli yon majorite nan Konsèy la. Majorite a eli yon majorite syèj, men gwoupman minorite yo genyen tou yon pati ki jis nan reprezantasyon.

Eleksyon PR asire tou ke pa gen okenn bilten vòt ki gaspiye. Bilten vòt ou an ap konte sèlman pou yon kandida. Si kandida ou klase an premye a pèdi, oswa si li deja gen ase vòt pou l genyen, y ap transfere bilten vòt ou an bay pwochen chwa ou te make a.

Klase sèlman yon kandida pa bay kandida sa a yon avantaj, kidonk klase kantite kandida ou vle.

Kijan yo Konte Bilten Vòt PR yo

Premye kontaj:

Yo triye bilten yo dapre vòt nimewo en (#1) sou chak bilten. Kandida yo klase selon kantite vòt premye chwa yo resevwa.

Kalkile Pousantaj:

Yo detèmine pousantaj selon fòmil sa a:

$$\text{Pousantaj} = \frac{\text{Kantite bilten vòt valab}}{\text{Nimewo pou eli} + 1} + 1$$

Egzanp, si gen 24,990 bilten vòt valid ki depoze pou City Council la, kota a pral 2,500 (24,990 divize pa 10, plis 1).

Distribye Kantite ki Anplis la:

Yo deklare eli nenpòt kandida ki rive nan pousantaj nesèsè a avèk vòt nimewo en (#1) yo. Nenpòt bilten vòt siplemantè yo resevwa apre kota yo redistribiye bay kandida ki vin apre nan preferans sou bilten vòt la. Egzanp, si kota se 2,500 epi yon kandida resevwa 3,000 bilten premye chwa, yo ap transfere 500 bilten.

Kandida ki Elimine yo:

Kontaj la kontinye avèk eliminasyon kandida ki gen mwens pase senkant vòt nimewo en (#1). Yo redistribiye bilten vòt yo a bay lòt kandida yo selon pwochen preferans ki make a. Apre chak distribisyon, yo etabli nouvo total vòt chak kandida. Apre sa, kandida ki gen mwens kantite vòt la deklare pèdan epi yo redistribiye bilten kandida sa a bay pwochen preferans elektè a endike a.

Kandida ki Eli yo:

Piske kandida yo rive nan pousantaj atravè adisyon bilten ki redistribiye nan total yo a, y ap deklare yo eli epi pa gen okenn lòt bilten k ap transfere ba yo. Pwosesis sa a ap kontinye jiskaske tout kandida yo elimine eksepte nèf ganyan pou city council la oswa sis ganyan pou School Committee la.

Rezilta Eleksyon yo:

Nan Sware Eleksyon an, y ap kontabilize tout bilten vòt ki te pase nan eskanè nan Jou Eleksyon an, sa gen ladan bilten vòt ki pa la yo. Yo pral afiche rezilta preliminè yo sou paj akèy Vil Cambridge la nan www.cambridgema.gov nan Jou Lannuit Eleksyon an, yon fwa chak sikonskripsyon fin rapòte bay Central Tabulation Center a (Sant Tabilasyon Santral la).

Apati jou apre eleksyon an, Komisyonè yo pral revize alamen tout bilten vòt ekri ak bilten oksilyè epi ajoute sa yo nan rezilta yo. Bilten vòt oksilyè yo se bilten vòt ke eskanè pa ka li yo. Rezilta sa yo se rezilta ki pa ofisyèl paske yo toujou pa genyen tout bilten yo.

Komisyonè Eleksyon yo ap reyini 10 jou apre eleksyon an pou konte nenpòt bilten vòt absan oswa bilten vòt pwovizwa ki soti lòt bò dlo ke yo jije valab. **Yon fwa yo fin ajoute bilten vòt sa yo nan rezilta yo, kontaj la ap fini epi Election Commission an ap pibliye rezilta ofisyèl yo.**


Èske w Enterese Travay nan Jou Eleksyon an?



Election Commission an aksepte aplikasyon pandan tout ane a nan men elektè enskri ki enterese travay nan biwo vòt yo nan Jou Eleksyon an.

Telechaje yon aplikasyon nan:
www.cambridgema.gov/ElectionWorkers

Aplikasyon yo disponib tou nan Election Commission Office la.



Election Commission Vil Cambridge

689 Massachusetts Ave. STE 1, Cambridge, MA 02139-3302 • Telefòn: 617-349-4361
Faks: 617-349-4366 • Imèl: elections@cambridgema.gov

TRIYE ALAVANS STD
LAPÒS ETAZINI
PEYE
CAMBRIDGE MA
PÈMI NIMEWO 58215

Komisyonè yo:
Ethridge A. King, Jr.
Larry W. Ward
Charles J. Marquardt
Thomas J. Stohman Jr.

Direktè Egzekitif:
Tanya L. Ford


Direktè Asistan:
Lesley A. Waxman

Kliyan Rezidansyèl
Cambridge, MA

Lokal ofisyèl Election Commission an pou depoze bwat bilten vòt yo, disponib 24 sou 24, pou Eleksyon Minisipal 4 novanm 2025 lan.

Lokal Prensipal Bwat pou Depo Bilten


Lokal sa a ap rete ouvè apati lendi 6 oktòb 2025 rive jou eleksyon an, madi 4 novanm 2025 a 8è nan aswè.

 **689 Massachusetts Ave**
Sou bò gòch antre prensipal la

Lokal bwat pou depoze bilten sa a pral SÈL kote ki pral ouvè jou eleksyon an, 4 novanm 2025 lan.

Lokal Segondè Bwat pou Depoze Bilten

Lokal sa yo ap ouvri apati lendi 6 oktòb 2025 pou rive lendi 3 novanm 2025, a 8è nan aswè. **Lokal Segondè yo PAP ouvri jou eleksyon an, 4 novanm 2025.**

 **City Hall**
795 Massachusetts Avenue
Toupre pòt dèyè a

 **Lekòl Morse**
40 Granite Street
Toupre antre prensipal la

 **Cambridge Police Headquarters (Katyè Jeneral Lapolis Cambridge)**
125 6th Street
Toupre devan bilding lan

 **Lekòl Maria L. Baldwin**
85 Oxford Street
Sou bò dwat Antre Oxford St. la

 **Bibliyotèk O'Neill**
70 Rindge Avenue
Sou kote mach eskalye antre a

Resous nan Plizyè Lang



বাংলা



हिन्दी



عربي



Español



中文



Português



Kreyòl



English



Tanpri asire w **bilten vòt ou a sele/kachte andedan anvlòp**

sèman an (anvlòp jòn nan) epi afimasyon ki sou anvlòp sèman an **te siyen** anvan ou mete anvlòp la nan bwat pou depoze bilten an.